



## Règleman sou Anregistrement Kominikasyon

Pandan n ap bay fanmi w sèvis, PCE resevwa enfòmasyon ki sansib e ki konfidansyèl, sa gen ladan enfòmasyon sou sante timoun ou. Anplis de sa, PCE resevwa enfòmasyon ki sansib e ki konfidansyèl konsènan manm fanmi w yo tou.

Foto, videoyo ak anrejistreman odyo yo kapab vyole entimite sou vi prive timoun ou ak sou fanmi w epi sa ka menm anpeche PCE bay sèvis li yo. Pou pwoteje vi prive ptit ou ak fanmi w, pou garanti posiblite pou gen bonjan kominikasyon ant ptit ou, fanmi w, ak anplwaye PCE yo, epi pou garanti lwa ak règleman sou entimite yo respekte, se responsabilite PCE pou l entèdi nenpòt kalite anrejistreman an pandan reyinyon yo.

Règleman sa a aplike kèlkeswa se lè n ap fè planifye reyinyon an oswa pandan echanj, kèlkeswa se fas a fas oswa a distans, tankou nan telefòn oswa konferans videoyo. Pandan yon konferans telefòn oswa yon konferans videoyo, paramèt “pa anrejistre (do not record)” dwe aktive osinon li bloke pou anpeche anrejistreman.

Mwen/Nou dakò swiv enstriksyon ki vin apre yo:

1. Okenn jèn oswa manm fanmi (envite) pa otorize pou anrejistre nenpòt fason an reyinyon ak jèn/fanmi, reyinyon an gwoup, reyinyon endividyièl, oswa lòt echanj ant jèn /fanmi yo ak anplwaye PCE yo.
2. Okenn anplwaye PCE pa otorize fè anrejistreman nenpòt fason an reyinyon yo ak jèn/fanmi, reyinyon an gwoup, reyinyon endividyièl, oswa lòt echanj ant jèn /fanmi yo ak anplwaye PCE yo kèlkeswa pòs anplwaye a genyen an.
3. Moun k ap asiste reyinyon yo pa dwe gen aparèy pou fè anrejistreman oswa itilize yo nan reyinyon avèk jèn/fanmi, reyinyon an gwoup, reyinyon endividyièl, oswa lòt echanj ant jèn/fanmi yo ak anplwaye PCE yo. Nenpòt aparèy konsa dwe fèmen, bloke, osinon li sekirize.
4. Direksyon Egzekitif PCE a kapab fè eksepsyon nan règleman sa a sèlman. Se nan sitiyasyon ki vin apre yo sèlman n ap fè eksepsyon:
  - a. Fè foto yon jèn pou PCE kapab genyen I nan dosye I, pou idantifye I, oswa pou kesyon kowòdinasyon tretman/ kowòdinasyon swen.
  - b. Pou fè ankèt konsènan yon abi oswa yon negligians.
  - c. Pou pwoteksyon ak sekrite jèn yo, manm fanmi, anplwaye PCE oswa vizitè yo.
  - d. Pou amelyore kalite sèvis yo, pou kesyon fòmasyon ak edikasyon.
  - e. Pou rezon maketin.
  - f. Se direktè egzekitif la ki fè lòt eksepsyon yo.
5. Lè sa aplikab (sa gen ladan nenpòt anrejistreman pou rezon maketin), n ap jwenn otorizasyon alekri nan men jèn/fanmi an anvan anrejistreman an fèt.